

NOUVO DIREKTIV SOU CHWA PARAN POU ADMINISTRATÈ KONSÈNAN PWOSEDI KARANTÈN COVID-19 POU TOUT ELÈV

Gen yon nouvo lwa Gouvènè Florid la Ron DeSantis siyen ki otorize **paran/gadyen** pou yo gen **dwa pou chwazi** si yo vle mete pitit yo an karantèn si timoun yo **PA** gen okenn sentòm COVID-19 apre yo te ekspoze ak maladi a. Chwa paran an aplike pou **TOUT** elèv kèlkeswa sityasyon vaksinasyon yo (Sa aplike pou timoun ki vaksinen ak sa ki pa vaksinen).

PARAN/GADYEN KI CHWAZI POU YO PA METE PITIT YO AN KARANTÈN

- Elèv la **ka rete lekòl** e **patisipe nan tout aktivite akademik ansanm ak aktivite ki fèt andeyò salklas SÈLMAN** si elèv la **PA** devlope okenn sentòm COVID-19 pandan jounen lekòl la, e pou jiska 14 jou, kòmanse nan jou timoun nan te ekspoze ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19.
- Nou konseye paran/gadyen yo pou yo kontinye suiv sentòm pitit yo pou jiska **14 jou**, kòmanse nan jou yo te ekspoze a, e si pitit yo devlope sentòm pou jiska 14 jou apre yo te ekspoze direktèman a maladi a oubyen yo te teste pozitif pou COVID-19 yo **DWE IZOLE** timoun nan, kontakte doktè li e enfòmè **direktè lekòl la imedyatman**.
- Si elèv la devlope sentòm pandan jounen lekòl la, yo ap mete li yon kote pou fè depistaj pou li, e yo ap kontakte paran/gadyen li imedyatman pou vin pran timoun nan e yo ap konseye li pou kontakte doktè timoun nan.

PARAN/GADYEN KI CHWAZI POU YO METE PITIT YO AN KARANTÈN

- Paran/gadyen ka deside si yo vle kontinye kenbe pitit yo an karantèn pandan 10 jou yo rekòmande a.
- Elèv la ka retounen lekòl sou **sizyèm (6èm) jou karantèn nan**, si elèv la satisfè kritè sa yo:
 - o Elèv la **DWE** pote yon **tès PCR NEGATIF** li te pran **nan senkyèm (5èm) jou a** oubyen **apre**, depi li te ekspoze ak maladi a.
 - o Li pa dwe pran Tès COVID-PCR la avan senkyèm (5èm) jou depi li te ekspoze ak maladi a.
- Nou konseye paran/gadyen pou yo kontinye suiv sentòm pitit yo pou jiska **14 jou**, kòmanse nan jou yo te ekspoze a, e si pitit yo gen yon lafyèv oubyen lòt sentòm lè yo retounen lekòl la kontakte doktè yo e enfòmè **direktè lekòl la imedyatman**.

ELÈV KI RESEVWA TOUT DÒZ VAKSEN YO

- TOUT** elèv ki resevwa tout dòz vaksen yo, e ki pa gen okenn sentòm oubyen ki pa teste pozitif pou COVID-19 **PA** bezwen ale an karantèn e yo kapab rete lekòl la si yo satisfè **TOUT** kritè sa yo
 - Elèv ki resevwa tout vaksen li dwe **RETE SAN SENTÒM** depi jou li te ekspoze ak yon moun ki konfime li teste pozitif oubyen ki panse li papab pozitif.
 - Elèv la pap viv an gwoup ak lòt moun.

- Paran/gadyen yo PA** oblije bay prèv elèv la te resevwa tout dòz vaksen li.